

Si w pito sa, ou ka ranpli epi soumèt Fòm deziyasyon pou reprezantan otorize (Authorized Representative Designation, ARD) a anliy avèk nenpòt vèsyon Adobe Acrobat, epi menm avèk vèsyon gratis la [Adobe Reader](#).

Yon fwa w depoze tout enfòmasyon ki obligatwa yo, ou ka soumèt aplikasyon w lan elektwonikman. Se pou w mete yon imèl adrès ki kòrèk pou oumenm e pou reprezantan otorize ou a/yo. Imèl sa yo ap voye bay MassHealth men yo pa p rete nan dosye ou yo.

Yon fwa w soumèt fòm nan, oumenm ak reprezantan otorize ou a/yo ap resevwa yon imèl nan men Adobe Sign k ap gen yon lyen ou ka klike pou siyen fòm nan elektwonikman. Dokiman sa a pa p ale jwenn MassHealth jiskaske oumenm epi reprezantan otorize ou siyen elektwonikman. Si sou 7 jou nou tout pa siyen, reprezantan otorize ou a/yo e/oubyen oumenm ap resevwa yon rapèl pa imèl. Si sou 15 jou nou tout pa siyen, aplikasyon an ap anile e pa p soumèt bay MassHealth.

Yon fwa tout siyati yo resevwa, ni reprezantan otorize ou a/yo ni oumenm ap resevwa yon imèl nan men Adobe Sign ansanm ak yon kopi PDF fòm nan pou w sere l nan dosye ou yo.

Enpòtan:

Tanpri, verifye plizyè fwa ke tout imèl yo kòrèk anvan w soumèt pou imèl yo ka voye bay moun ki dwe resevwa yo a.

Lè w ap remèt aplikasyon sa a, ou ka mete yon mesaj pèsònèl tou pou reprezantan otorize ou a/yo. Si w ap mete yon mesaj, fè trèzatansyon avèk sa w pataje, kidonk pa mete anyen tankou nimewo sekirite sosyal ou a oubyen enfòmasyon sou sante w.

Sèl fòm Seksyon I ka remèt avèk Adobe Sign. Si w ap ranpli fòm ARD Seksyon II oubyen Seksyon III, se pou w tanpri enprime l e voye l ban nou swa pa lapòs oswa pa faks nan adrès oubyen nimewo faks ki make sou paj 4 fòm lan.